Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 1 (25974)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 10 январ — тъæнджы мæйы 10 бон, æртыццæг Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆХСЫЗГОН ЦАУ
Систы ног фатерты хицæуттæ

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Хъæбысхæст

Æвзæрстыты агъоммæ

Бюллетентæ сараздзысты

Уæрæсейы Центрон æвзаræн къамисы уынаффæмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны фæзуатыл бæстæйы Президенты æвзæрстыты рæстæг хъæлæскæнынад сæххæст кæнынæн сараздзысты 516 мин æвзаræн бюллетены.

Ацы хабар фехъусын кодта профилон ведомствæйы пресс-службæ. Æвзаræн бюллетентæ



мæнгдзинадæй бахъахъхъæнынæн сараздзысты сæрмагонд нысантæ (адоны нымæц дæр уыдзæн 516 мины). Сæрмагонд нысантæ арæзт æрцæуудзысты хъахъхъæнынады полиграфон элементтæй пайдакæнынадимæ. Æнæ амынд сæрмагонд нысанæй æвзаræн бюллетен нымад уыдзæн мæнгыл. Хъахъхъæнджытæ æмæ видеокамерæтæ цæст кæмæ дардзысты, уыцы бюллетентæ æфснайд уыдзысты сейфы.

Нæ уацхæссæг

Æмбырд

Хатдзæгтæ æмæ фидæны нысантæ

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО дзы сæрдариуæг кодта, афтæмæй знон ацыд 2024 азы фыццаг аппаратон æмбырд. Архайдтой дзы нæ республикæйы Хицауады уæнгтæ, муниципалон скондты сæргълæуджытæ, министрадтæ æмæ иннæ ведомствæты разамонджытæ.

Æмбырды ныхас цыдис ивгъуыд азы бæрæггæнæнтыл æмæ фидæны нысантыл. Нæ республикæйы Сæргълæууæг Ног азы æмæ æнтыстджын куысты фæдыл арфæтæ ракодта æмбырды архайджытæн.

Нæ республикæйы оперативон уаваæры тыххæй раныхас кодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег**. Куыд загъта, афтæмæй бæрæггæтты мадзæлттæ æмæ фæлладуадзæн бонты рæстæг æвирхъау цаутæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады нæ уыд, уæддæр зæйтæ æрцыдис — 4, зынгсирвæзтытæ та — 11, хъыгдардбаййафæг адæймæгтæ та дзы нæ разынд. Фæндагон фыдбылызты хъыгдард баййæфтой 14 адæймаджы.

Сергей Меняйло бахæс кодта Æнæнхъæлæджы уаваæрты министрады регионалон управленийы разамонæгæн, цæмæй сæ цæст фæдарой Уæллаг Ларсы транзитон транспорты цыдмæ.

— Ууылдæр зонæм, зымæгон боныхъæд куыд раив-баив кæны, уый. Уæлдæфы температурæ кæй æрхаудзæн, уымæ гæсгæ зæйтæ ракæлыны цаутæ æмæ иннæ æрдзон фæзындтытæн æнæ уæвгæ нæй. Ацы ран къæрцхъус хъæуы арæныл цæуæг бæлццæттæм. Транспорт рæстæгмæ кæм æрлæудзæн, ахæм æдас

бынæттæ Уæллаг Ларсы саразут, — загъта Сергей Меняйло. Уымæй уæлдай, нæ республикæйы Сæргълæууæг районты хицæуттæн бафæдзæхста, хъармгæнæн системæ, доны æмæ энергетикæйы фарстатæм бæлвырддæр цæст дарын. Бригадты куыст æнæкъуылымпыйæ куыд цæуа, афтæ.

— Мониторингы фæрцы кæсут уаваæрмæ. Телеграмканалмæ, уым нæ республикæйы цæрджытæ сымахæй раздæр раваæрынц лыггæнинаг фарстатæ. Алцæмæ дæр къæрцхъус ут, — фæнысан кодта нæ республикæйы Сæргълæууæг.

Нæ республикæйы эпидемиологон уаваæры фæдыл та цыбыр информаци радта РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан**. Министр бацамыдта, Ног азы райдайæны нæ республикæйы къуырийы дæргъы тагъд æххуысы машинæтæм кæй фæдзырдтой 7,821 хатты.

— Уыдонæй 47 сывæллоны æмæ 23 ас адæймаджы разындысты рынчын дзуаræй (корь). Уыдис цалдæр цауы коронавирусы фæзындимæ дæр. Ацы аз паддзахадон программæ "Земский доктор"-ы бындурыл дохтыртæ æрвыст æрцæуудзысты Æрæфы æмæ Мæздæджы районтæм. Ис нын 15 бадзырды Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрадимæ дæр. Уыцы бадзырдты руаджы нæ республикæ райсдзæн хъæугæ ифтонггæрзтæ æмæ хостæ, уæрæхдæр кæндзыстæм нæ колл-центры куыст дæр, — загъта Тебийы-фырт. Сергей Меняйло фæнысан кодта, сæкæрниз æмæ онкологон рынчынтæн льготон хосты аргъ 2024 азы фыццаг æмбисæн дихгонд æрцыд 550 милуан сомы, кæд нæ фаг кæной, уæд та уæлæмхасæн мадзæлттыл цæмæй бацархайой. Нæ республикæйы Сæргълæууæг ма Тебиаты Сосланæн бафæдзæхста диспансеризацийы фарста сбæлвырд кæнын æмæ иуæй-иу районты "ФАП"-тæ кæй нæ кусынц, уыцы аххосаг равзарын.

Дарддæр Сергей Меняйло байхъуыста РЦИ-Аланийы финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Исахъты Оледжы** раныхасмæ афæдзы бæрæггæнæнты тыххæй. Министр загъта, национ проекттæн æхцайы фæрæзтæ хардзгонд кæй æрцыд 99,98 проценты, паддзахадон программæтæн та — 97,6 проценты. Федералон фæрæзтæй ма æнæхардзгондæй баззад 99,3 проценты. Исахъы-фырт радзырдта, ивгъуыд аз декабры мыздæ бюджетон организацитæ хæстæгдæр бонты кæй райсдзысты, уый тыххæй дæр.

Æмбырды Сергей Меняйло уæлдæр амынд Хицауады уæнгтæ æмæ ведомствæты разамонджытæн бахæс кодта, афæдзы дæргъы нæ республикæ цы национ проекттæ, паддзахадон программæты архайдзæн, уыдон сбæлвырд кæнын дæр. Ныхас цыдис, Беслæны теракты фæмардуæвæг æмæ хъыгдардбаййафæг адæмæн комкоммæ æхсхуыстæ закъоны бындурыл бакæнын. Уымæй уæлдай, "Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы" фондмæ фылдæр æргом аздахын. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты æмæ чи фæмард, уыдоны бинонтæн материалон æхсхуыстæ бакæныны æмæ сæ сывæллæттæ уæлдæр ахуыргæнæндæттæм цæмæй бацæуой, уыцы фарстатыл бацархайын.

Æмбырды архайджытæ æркастысты нæ республикæйы иннæ социалон-экономикон фарстатимæ баст хъуыддæгтæм дæр.

САУТÆТЫ Тамилæ

Кадджын уаваæры

Автотранспорт уадзæн пункты бындурон рацарæзт

2023 азы арæныл хизæн пункт "Уæллаг Ларс"-ы сæрты ахызтысты 335 мин уæзласæн машинæйы, ома 19 проценты фылдæр, фаронимæ абаргæйæ, уый у зынгæ фылдæр. Афтæ загъд уыдис, бындурон рацарæзты фæстæ автомобилон уадзæн пункт "Яраг-Казмаляр" Азербайджан æмæ Гуырдзыстоны арæныл кæй байгом кодтой, уый кадæн арæзт бæрæгбоны мадзалы. Видеобастдзинадæй дзы архайдта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.

Кадджын мадзал амыдта Уæрæсейы транспорты министр **Виталий Соловьев**. Архайдтой ма дзы Федералон таможняйы хицауы хæстæ æххæстгæнæг **Руслан Давыдов**, Дагестаны Хицауады сæрдар **Абдулмуслим Абдулмуслимов** æмæ ФГКУ "Росгранстрой"-ы хицауы хæдивæг **Будайты Георги**.

"Уæллаг Ларс"-ы уæзласæн хæдтулгæты уадзæн гæнæнтæ фæбæрзонддæр сты дыууæ хаттæй фылдæр — сутæмæ йæ сæрты ахизынц 1500 уæзæгтæ ласæн транспортон фæрæзы. Профилон министрады разамонæг куыд загъта, афтæмæй, автотранспорт уадзæн пункты географион уаваæртæ кæд уæззау сты, уæддæр уникалон проектмæ гæсгæ къухы бафтыд 24 уæлæмхасæн уадздзаджы саразын, æмæ афтæмæй сæ иумæйаг нымæц схæццæ 39-мæ. Цы уæзæгтæ ласт æрцыд ивгъуыд азы арæны сæрты, уый у рекордон нымæц — 4,5 милуан тоннæйы. Бæлццæттæ ласæн трафик дæр дзæвгар сырæзыд, æмæ бындурон рацарæзты руаджы уадзæн пункты рад нæй.

(Кæрон 2 фарсыл)

Æппæтуæрæсеон акци

Сабиты бæллицтæ — æххæстгонд

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО сæхæст кодта фондз сабийы ногбонон бæллицы.

Алагираг æвддæсаздзыд чызг Ксенийæн лæвæрд æрцыд, рагæй кæмæ бæллыд, ахæм хуыйæн машинæ. Дзæуджыхъæуккаг дæсаздзыд Арсен Сергей Меняйлойы номæй райста синтезатор, авдаздзыд Æзнауыр — микроскоп, æртындæсаздзыд Гоар — хъæбысæй хæцынмæ манекен. Уыцы дыууæ læппуйы дæр цæрынц Дзæуджыхъæуы. Сæрмагонд "læвар-сюрприз" — хъазæн комбайн та æрвыст æрцыд Запорожьейы облæсты Чернигово-Токмачанскы хъæумæ цыппараздзыд Назаræн.

Сывæллæтты ногбонон бæллицтæ ма сæхæст кодтой РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, стæй вице-премьертæ, "Бæллицты наз бæласæй" райстой Æппæтуæрæсеон акцийы архайæг сабиты фыстæджытæ. Дзанайты Барис æриста æртæ хъазæны, сæ мидæг уыдис цыппар дзæуджыхъæуккаг сабийы бæллицтæ. Læвæрттæ ма райстой уыдонæн сæ хотæ æмæ æфсымæртæ — æдæппæтæй аст сабийы. Цыппараздзыд Данæйæн радтой "зонджын" колонкæ, йæ æхсæзаздзыд хо Томæйæн — кукла Барби. Æртындæсаздзыд Эвелиныг, лæвæрттæ райстой йе 'фсымæр Давид æмæ йæ хо София.

нæйы та фæнды дизайнер суæвын, æмæ йæм ныр ис планшет. Йæ хо, иуæндæсаздзыд Элинæ та бирæ уарзы музыкæ, æмæ уымæн дæр балæвар кодта "зонджын" колонкæ, сæ астаздзыд æфсымæр Батрадзæн — машинæ пультимæ. Æнæрæвдыдæй нæ баззадысты æхсæзаздзыд Эланæ — радтой йын электрон чи-

Вице-премьер **Платы Альбинæ** Запорожьейы облæсты Заряйы хъæуы цæрæг цыппараздзыд Дарийæн арвыста хъазæн æфсæнвæндаг. Вице-премьер **Томайты Ирбеджы** номæй фарастаздзыд дзæуджыхъæуккаг чызг Таирæйыл сæмбæлд велосипед. Вице-премьер **Æгъуызарты Мурат** та ноутбук балæвар кодта Михайловскы хъæуы цæрæг Ангелинæйæн. Уый иттæг хорз ахуыр кæны, стæй ма музыкæйы уроктæ исы. Ногбоны бæллицтæ сæхæст кодтой РЦИ-Аланийы Хицауады иннæ уæнгтæ дæр.

Уæ зæрдыл уын æрлæвуын кæндзыстæм, Æппæтуæрæсеон акци "Бæллицты наз бæлас" кæй райдыдта ивгъуыд азы 15 ноябры æмæ ахæсдзæн ацы азы 24 февралы онг. Йæ нысан у, Уæрæсейы, уыдонимæ — Донецк æмæ Луганскы Адæмон Республикæты, Запорожье æмæ Херсоны облæстты, 3 азæй 17 азы онг кæуыл цæуы, уыцы сывæллæттæн æхсызгондзинад æрхæссын. Акци æхсæстгонд цæуы 2018 азæй нырмæ Уæрæсейаг сывæллæттæ æмæ фæсивæдон змæлд "Фыццæгты змæлд"-ы хъæппæрисæй нæ бæстæйы фæзуаты æмæ иу кæны, хорз хъуыддæгтæ аразын кæй фæнды, ахæм мингай адæймæгты. Æрвылаз ногбонон бæллицтæ æхсхæст кæныны акцийы фæархайы Уæрæсейы Федерацийы Президент **Владимир Путин.**

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ

Ирхæфсæн мадзæлттæ

Митын Дадайы хæдзар

Бæрæгбоны фæлладуадзæн бонты фæуды фæстæ дæр Дзæуджыхъæуы Митын Дадайы хæдзар æмæ ногазон трамвай дарддæр кусдзысты.

Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы сæйраг горæты администрацийы пресс-службæ. Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: 14 январы онг 11 сахатæй 20 сахаты онг Хетæгкаты Къостайы номыл культурæ æмæ фæлладуагъды центрон парчы кусы Митын Дадайы хæдзар. Ацы объекты раз æрбынæттон сты зымæгон диссагæвдисæджы æрмадзтæ. Сфæлдыстадон уазджытæн ис 15 сахатæй 20 сахаты онг æрмадзтæм бацæуыны бар.

17 сахатыл, 18 сахатыл, стæй 18 сахаты æмæ 45 минутыл Центрон паркмæ бацæуæны разæй чи рацæуы, уыцы ногазон трамвай дæр кусдзæн 14 январы æмгъуыдмæ.

"15-æм регион"

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2024 азы фыццаг æмбисæн

2024 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны сæйраг кампани райдыдта фарон 1 сентябры, Уæрæсейы посты бастдзинады регионалон управлени газет рафыссыны æмгъуыд адарддæр кодта 2024 азы 13 январмæ. Иннæ хæттытау ныр дæр та "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.

Фæлæ цард "зынаргъдæр" куыд кæны, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ бафты газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны аргъыл. Афтæ, хъыгагæн, уыдзæн ныр дæр. 2024 азы фыццаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1 319 сомы æмæ 10 капеччы, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1 077 сомы æмæ 30 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстоны æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.

АЛЫ ИРОН ХÆДЗАРÆН ДÆР — ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"!

РЕДАКЦИ

Дзырды фарн

У æгъдауджын æмæ раст,
Макæн адæймагæн маст.

ЦОМАЙТЫ Ростислав

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **10 январы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **1-3 градусы уазал,** Дзæуджыхъæуы — **2-4 градусы уазал.**

Боны дæргъ — 09,14

Хурыскаст — 07,31
Хурныгуылд — 16,44

Валютæйы аргъ

Доллар — 89,08 ↓
Евро — 100,02 ↓

12+

Æххуыс

Кæрдзыны хъæуы бавæрæн нæ иумæйаг хъуыддагмæ

Ралæууыд Ног аз. Алы адæймаг дæр йæ зæрдæйы нывæнды цавæрдæр рухс бæллицтæ, тырны йæ размæ æвæрд нысантæм, æмæ йæ уырны, йæ къухы алцыдæр кæй бафтдзæн, уый.

Цымæ цавæр уыдзæн 2024 аз? Цы нын æрхæсдзæн йемæ ногдзинад æмæ хорздзинадæй? Дызæрдыггаг нæу, æппæт дунейы адæм дæр, фыццаджыдæр, сабырдзинадмæ кæй бæллынц, уый.

Ныр дыккаг аз Украинæйы зæххыл цæуы, Уæрæсейы Федераци цы сæрмагонд æфсæддон операци расидтис, уый. Не 'мзæххон ирон фæсивæдæй дзы бирæтæ архайынц. Æвдисынц æхсар æмæ хъæбатырдзинад. Уыдон Ног азы бæрæгбоныл сæмбæлдзысты уазал æмæ уымæл акъоппыты.

Цæмæй иу чысыл сæ зæрдæтæ барухс уой, сæ зын фæрогдæр уа, уый тыххæй сын Ирыстоны бирæ хъæутæ æрæмбырд кодтой æмæ арвыстой гуманитарон æххуыс. Уыдонæй иуварс нæ баззад Кæрдзыны хъæу дæр.

Ног азы къæсæрыл фæсивæд интернеты хызы расидтысты ацы хабар æмæ бамбырд кодтой æхцайы фæрæстæ 124 мин сомы. Бынæттон скъолайы кусджытæ дæр ма сыл бафтыдтой 14 мин сомы. Уымæй уæлдай сын балхæдтой нуазыны æмæ адджын дæттæ, æхсынæны зети, тамакотæ æмæ бирæ æндæр, æнæмæнгхъæугæ дзаумæттæ. Хъæуы сылгоймæгтæ та сын скодтой дзаджджын чиритæ.

Ног азы арфæтæ алкæй дæр уæд! Нæ фæсивæд та Уæлахизимæ сæ бинонтыл куыд сæмбæлой.

ГÆБУАТЫ Галинæ

Программæ

Систы ног фатерты хицæуттæ

Бюджеты къабазы кусæг адæмæй уæлбар лæггæдтæ чи исы, уыдонæй 110 бинонтæн радтой ног фатертæй дæгъæлтæ. Сæ ног цæрæн бынæттæ сты, Кироваг курсантты уынджы цы комплекс фæзынд, уым.

Бирæфатерон уæладзыгон хæдзары алфамбылаймæ базылдысты, сцæттæ йæ кодтой йæ ног хицæуттæ æрбацыдмæ. Æппæт фæлгонцадон куыстытимæ, хъармгæнæн хызтимæ æмæ нымайæн прибортимæ хæдзар радтой цæрынмæ.

Амонджын цæрджытæн арфæтæ ракæнынмæ æрбацыд РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæг **Сергей Меняйло**. Куыд радзырдта, афтæмæй йын Ног азы райдайæн æхсызгон у фатерты хицæуттæн зæрдæбын арфæтæ ракæнын. "Ацы вазыгджын рæстæг махæй аразгæ цы у, уый скодтам. Граждæнты цард фадатджындæр скæнын нæ хæс у, бынтондæр цæрæнуæтты фарста бынтон уæззау кæмæн у, уыдонæн. Ацы ран хъуыддæгтæ нæ къухы бафтыдысты программæ "Уæрæсейаг бинонтæн цæрæнуæттæ"-йы фæрцы. Фатерты аргъ зынгæ ныллæгдæр рауад базарады æргъитимæ абаргæйæ. Уæ ног цæрæнбынæттæ амондæй, фарнæй дзаг уæнт, уæ сыхæгтимæ кæрæдзи æмбаргæйæ куыд цæрат, ахæм арфæ уын кæнын", — загъта республикæйы Сæргъæлæууæг.

Бирæфатерон хæдзары арæзтад банымайæн ис, "РЦИ-Аланийы граждæнты асламдæр æмæ фадатджындæр фатертæй сифтонг кæныны" республикон паддзахадон программæйы дыккаг къæпхæныл. Уый фадат радта, цæмæй граждæнты хицæн къордтæ фатертæ райсой 20 проценты асламдæрæй.

Фарон программæмæ гæсгæ сарæзтой 3 бирæфатерон хæдзары, сæ иумæйаг фæзуат рауад 15 мин квадратон метры. Афтæмæй 229 бинонтæ райстой асламдæр æмæ фадатджындæр фатертæ, алцыдæр дзы арæзт æрцыд, æрмæстдæр дæгъæлтæ райс æмæ дзы цæр. Ныр та арæзджытæ сцæттæ кодтой 110 фатеры, программæ дарддæр æххæстгонд цæуы. Арæзджытæ срæвдз кæндзысты 110 æмæ 65 фатеры.

Бирæсыæллонджын бинонтæ арæзджытæй æмæ республикæйы разамындæй фæйнæ 5 проценты райстой субсидитæ. РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæджы руаджы фатерты аргъ фæныллæгдæр.

Нæ уацхæссæг

Автотранспорт уадзæн пункты бындурон рацарæзт

(Райдайæн 1 фарсыл)

— Мах уынæм, ныртæккæ Уæллаг Ларсы цытæ цæуы — тыхджын мит, уад, миты хъæпæнтæ, æмæ уыдоны ныхмæ нæ бон ницы у. Фæлæ автотранспортæн ис гæнæн æртæ пунктыл Уæрæсе æмæ Азербайджаны арæныл ахизынæн. Уыдонæй иу абон гом кæнæм — "Ягар-Казмаляр". Уый æцæг рекорд у, куыд æртæ пунктæн, афтæ æппæт арæнæн дæр. Декабры, мит куы нæ уыд, уæд æппæт цæгаткавказаг арæныл дыууæрдæм ахызт 2,5 мин транспортон иуæджы. Уый бæрзонд бæрæггæнæн у, фыццаджыдæр ыл чи бацархайдта, уыдоны фæрцы, — загъта **Руслан Давыдов**.

Сергей Меняйло фæбæрæг кодта, ныртæккæйы геополитикон уавæр хынцгæйæ, Уæрæсе æмæ Фæскавказы республикæтимæ, стæй Астæуккаг æмæ Централон Азийы бæстæтимæ автомобилон бастдзинад сæйраг кæй у.

— "Уæллаг Ларс"-ы 2010 азæй нырмæ транспортæн цы уадзæн нормæ уыдис, уый рæстæджы домæнтæн дзуапп нал læвæрдта. Фæстаг æртæ азы арæны сæрты товартæ æмæ уæзласæн транспортон фæрæзтæ фылдæр кодтой 15-20 проценты. Социалон æгъдауæй дæр бындурон рацарæзтæн вазыгджын нысаниуæг ис, нæ зæрдыл ма хорз læууы, транзитон транспорт фæндаггæрæтты мæйгæйттæ æмæ фылдæр куыд læууыд, уый. Стыр бузныг зæгъын "Росавтодор"-æн, рæстæгмæйы æрлæууæнтæ кæй сарæзта, уый тыххæй. Уымæй уæлдай ма мах Уæрæсейы фыццæгтæй иутимæ сарæзтам электрон хыгъд, æмæ уый дæр тынг фæахъаз транзитон транспортæн республикæйы сæрты ахизынæн. Ам ма мæ фæнысан кæнын фæнды, уадзæн пункты бындурон рацарæзты рæстæг дæр фæндаг æхгæд кæй не 'рцыд. Мæ зæрдæ дарын, пункты бындурон рацарæзт экономикон æгъдауæй кæй фæпайда уыдзæн æмæ иннæ бæстæтимæ базарадон-экономикон бастдзинæдтæ фидардæр кæй кæндзысты.

Проекты фæлгæты арæзт æрцыд 50 ног агъуысты æмæ амаддзаджы, 6 километры инженерон хызæг, сагъд æрцыд телефæлгæсынады, радиацион, уæзы габариттæ нымайæг нырыккон системæтæ.

Æппæт уыцы мадзæлттæ фæпайда сты мингай туристтæ æмæ егъау уæзласæн транспорт скъæрдзытæн арæны сæрты зæрдæмæдзæугæ уавæрты тагъддæр ахизынæн. Сæйрагдæр та — паддзахæдты 'хсæн базарадон-экономикон æмæ культурон бастдзинæдтæ фæпарахатдæр кæнынæн.

РЦИ-Аланийы Сæргъæлæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Цæстæнгас

"Æнæбафсисæн дыууæ чызджы ис: æри-ма, æри-ма!"

Большевиктæ хуымæтæджы нæ дзырдтой æппынæдзух адæмы иудзинады тыххæй. Уымæн, æмæ адæм тых сты, адæмы хъару та сæ иудзинады ис. Фæлæ уый тыххæй адæм иудадзыг дæр уыцы хъуыды хъуамæ æвдисой. Илья Муромец бирæ фæхуыссыд пецы сæр, æмæ йæ ничи зыдта, цалынмæ йæ хъуыддæгтæ дунейæн нæ равдыста, уæдмæ. Æрмæстдæр ын уæд бадис кодтой йæ æвидигæ хъаруйыл.

Фæлæ иудзинад афтæ хуымæтæг нæу. Ам хъæуы æмбаргæдзинад æмæ фæндфидардзинад. Æнæхайыры Ельцины заманы цы быцæутæ цыд, уырдæм стыр хъуыддаг уыд адæмы хæдæфсады архайынмæ æрæмбырд кæнын. Бирæтæ æфсæнттæ агуырдтой æхсæвы уазалы сæ рады хъалагъурæй ма ацæуынæн. Чи та-иу йæхи æнæзонæг скодта, рад хæссынæн адæм кæй хъæуы, иннæтæ та-иу бахъуаджы сахат "уæззау рынчын" фесты æмæ афтæ дарддæр. Æнæхъæн зымæг мах рад хастам бонцухæй, уымæн æмæ æрмæстдæр дыууæ къорды сæмбырд, æмæ-иу кæрæдзийы иу боны фæстæ баивтам. Иуты та æфсæнттæ кæныны сæр дæр нæ хъуыди, æргом-иу загътой: "Сымахæн куыстаг нæй, ам "Зарница"-йæ хъазут, æмæ ныр ам сымахимæ ницæйаг митыл мæ рæстæг сафон? Æцæгæй нæм исчи куы 'рбабырса, уæд мæ læджыхъæд равдисдзынæн, ныр та мæ уыдæттæй суæгъд кæнут".

Адæмы хуымæтæг хъуыддаджы фæдыл æрбамбырд кæнын дæр зын у. Зæгъæм, Беслæны, "кирпичные планы" кæй хонынц, уыцы микрорайоны цæрджытæ бирæ рæстæг удхарæй мардысты, быröндон полигон сæм æввахс кæй уыди æмæ æдзух йæхи 'гъдауæй кæй сыгъди, уымæ гæсгæ. Адæм сæ мæстæй бынæттон газетмæ ныффыстой æххуысагур. Афтæ сын куы загътой, иумæйаг сидт ныффысут æмæ дзы уæ къухтæ æрæвæрут, цæмæй хъуыддаг бынæттон хицауады орæнтæм бахæццæ уа, уый тыххæй, уæд уайтагъ фæзынд æфсæнттæ: "Куыд хъуамæ бафыссон сидты бын мæ къух, кæд æмæ мæ хæстæг администрацийы кусы?". Кæнæ ма уымæй диссагдæр аргумент: "Исты æз къляуызтæ фыссæг дæн, цæмæн хъуамæ æрæвæрон мæ къух?". Ахæм зæрдæйы уагимæ цæлхдурæн аиуварсгæнæн нæй. Адæммæ сæ интерестæ бахъахъхъæнынмæ ныфс куы вæйиы, æрмæстдæр сæм уæд æрыхъусынц.

Германы хицауады сæргъы Гитлер куы 'рлæууыд, уæд коммунистты сæ зондахасты тыххæй ахсын байдыдтой. Уый фæдыл тæрхон кодтой æрыгон чызг — коммунисткæйæн. Нацисттæ йын рахастой иннæтæн дæнцæгæн карз тæрхон: "Аст азы ахæстоны фæбадын!", æнхъæлдтой, коммунисткæйы ныфс асæтдзæн. Фæлæ уый йæ тæрхонгæнджытæн комкоммæ загъта: "Æз уыцы аст азы фæбаддзынæн мæ иу къабазыл!". Ома, тынг карз æфхæрдта уæды хицауад адæмы, фæлæ адæммæ дæр сæ зондахасты рæстдзинадыл сдзурынмæ ныфс уыдис.

Ныртæккæ фылдæр адæммæ ныфс ис æрмæстдæр дуармæ бандоныл бадынмæ æмæ хицауады ныхмæ уым карзæй æфхæрæн ныхæстæ кæнынмæ. Афтæ уыди алы заманы дæр, фæлæ дзы пайда гыццыл уыд. Плутарх фыста иу ахæм цау: "Паддзах Дарийы фарс Аликсандр Македойнаджы ныхмæ чи хæцыд, уыцы Мемнон, Аликсандры куыйты хæринаг чи скодта йæ ныхæстæй, иу ахæм æххуырст салдаты арцæй ныццавта æмæ йын загъта: "Æз дын æхца фидын, Аликсандрыл цъыфкалæнтæ цæмæй ма кæнай, фæлæ цæмæй йæ ныхмæ хæцай!".

Фæлæ ис æвæрццæг дæнцæгтæ дæр, адæм, сæ цæсгом чи бахæры, уыцы уæйгæнджыты ныхмæ фæлæууынц. Уæрæсейы кæцыдæр регионы иу фирмæйы заправкæгæнджытæ сæ æргътæ тынг уæлиау систой, уыимæ нымæдтытæ саразгæйæ нæ, фæлæ сæ цæсгом куыд бахъæцыд, афтæ. Неополитайнаг æмбисонд зæгъы: "Не скæнæг! Бахъахъхъæн нæ, чи схъæздыг, ахæм мæгуырæй, æмæ скрипкæйыл цæгъдын ныр чи райдыдта, уыдонæй!". Скрипкæйыл цæгъдджытæ махæн ахсджиаг не сты, фæлæ мах дæр, æваст чи схъæздыг, уыдонæй Хуыцау бахизæд. Уыдон дæр раздæр иннæты хуызæн мæгуырæй цардысты. Сæ цъиндатæ æмпъызтой, ливерон къалбасмæ рады лæууыдысты. Фæлæ сæм æваст æхца, цæугæдонау, æрбакалд. Бирæ кæй куыстой, уый фæстиуæгæн нæ, фæлæ æргътæ тагъд кæй ивтой сæ товартыл, уый фæрцы. Уыцы хъуыддаг зын бауромæн у. Библийы загъд ис: "Æнæбафсисæн дыууæ чызджы ис: æрима, æри-ма".

Бензины аргъ фæзынаргъдæргæнæджы хъуыддаг та афтæ рауад. Артаг дзы чи 'лхæдта, уыдон кæрæдзийæн фехъусын кодтой, мауал, дам, дзы æлхæнæм, цалынмæ, цæмæн афтæ у, уый бамбара, уæдмæ. Ахæм уавæр артаг уæйгæнæгæн бынтон æнæнхъæлæджы уыди. Тæрхондонмæ нæ бахæсдзынæ дæ хъаст хæдтулгæскъæрджыты ныхмæ, гæртам никæмæн ратдзынæ. Æмæ йæ бахъуыд артаджы аргъ йæ раздæры уагыл скæнын.

Адæммæ уæддæр цыдæр бартæ æмæ гæнæнтæ ис. Æмбæлы, бынтон бæрзонд аргъ чи æвæры йæ товарыл, кæнæ йæ барæн цæмæй ма зына, афтæ чи æрæвæры, уыцы æдзæсгом уæйгæнæджы иувæрсты ацæуын. Æмбæлы ма, закъон æмæ æхсæнадон фæтк нæ фехалгæйæ, бирæ хъуыддæгтæ саразын. Фæлæ уый тыхæй адæммæ хъуамæ ныфс уа.

Юрий ПЕТРОСОВ,
æхсæнадон уацхæссæг

> **”**
>
> **Ныртæккæ фылдæр адæммæ ныфс ис æрмæстдæр дуармæ бандоныл бадынмæ æмæ хицауады ныхмæ уым карзæй æфхæрæн ныхæстæ кæнынмæ. Афтæ уыди алы заманы дæр, фæлæ дзы пайда гыццыл уыд. Плутарх фыста иу ахæм цау: ”Паддзах Дарийы фарс Аликсандр Македойнаджы ныхмæ чи хæцыд, уыцы Мемнон, Аликсандры куыйты хæринаг чи скодта йæ ныхæстæй, иу ахæм æххуырст салдаты арцæй ныццавта æмæ йын загъта: ”Æз дын æхца фидын, Аликсандрыл цъыфкалæнтæ цæмæй ма кæнай, фæлæ цæмæй йæ ныхмæ хæцай!”.**
>
> **“**

Æрæзтад

Цæрæнуаты квадратон метры аргъ фæбæрзонддæр

Уæрæсейы Æрæзтады министрады бардзырд ”2024 азы фыццаг æмбисы æмæ Уæрæсейы Федерацийы субъектты 2024 азы фыццаг кварталы цæрæнуаты иу квадратон метры рæстæмбис базарадон аргъы бæрæггæнæн”-мæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны цæрæнуаты иу квадратон метры аргъ фæбæрзонддæр 6 проценты æмæ у 66 568 сомы.

Уæрæсейы арæзтады министрады ацы бардзырды бындурыл цæрæнуаты нормативон аргъæй хъуамæ пайда кæной федералон æмæ регионалон хицауады орæнтæ, граждæнты хицæн къордтæн социалон фидонты бындурыл бюджеты хардзæй, кæнæ бюджеты 'хсæн трансферты фæрæзтæй цæрæнуæттæ куы аразой кæнæ æлхæной, уæд. Уыимæ, иу квадратон метры нормативон аргъ нæ фæзындзæн, куыд цæрæнуæтты æргъты базарадон механизмыл, афтæ, æмткæй райсгæйæ, æнæзмæлгæ мулчы æргътыл дæр.

Уæлæмхасæн фæбæрæг кæндзыстæм, нормативон аргъ æхсæз проценты кæй сырæзыд, уый хорзæрдæм кæй фæзындзæн, нæ республикæйы сертификаттæ æмæ субсидитæ чи райсдзæн, уыдоныл, уымæн æмæ сын паддзахадон æххуысы бæрц дæр фæфылдæр уыдзæн.

Янæ ВОЙТОВА

Хатдзæгтæ

Промышленнон куыстады бæрц сырæзт

Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджыны аппаратæй куыд хъусын кæнынц, афтæмæй Цæгат Ирыстоны промышленнон куыстады бæрц иуæндæс мæймæ сырæзт 10,4 проценты.

Афтæмæй, Цæгат Ирыстоны промышленнон куыстады индекс 2023 азы, январ-ноябры рауад 110 проценты. Рæзт фæбæрæг республикæйы алы къабæзты дæр. Зæгъæм, пайдайаг къахæнты къабазы у 2,9 проценты, электрон тыхæй ифтонгады, газ æмæ дондæфы — 6,3 проценты, хомаг куыстгæнæн къабазы — 18,8 проценты, дзаума хуыйыны — 5,7 проценты, гæххæтт æмæ гæххæттæй конд товартæ — 1,6 проценты.

Химион бындурыл конд æрмæджытæ æмæ химион продукттæ — 25,6 проценты, компьютертæ, электронон æмæ оптикон скондтæ — 1,6 проценты, æнæзгъæр минералон продукцийы промышленнон куыстады индекс сырæзт 17,4 проценты. Республикæйæ æддæмæ ацы аз, январæй ноябрмæ, цы промышленнон продукци арвыстой, уый бæрц дæр 28,7 проценты фæфылдæр, абарæн æй ис фароны уыцы æмгъуыдимæ. Æхцайæ у 50,9 миллиард сомы.

РУБАЙТЫ Нелли

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

Нæ кувæн сыгъдæг бынæттæ

Мæ хъуыдытæ уæм фыссын мæ чысыл фыстæджы. Нæ уарзон газет исæм алы аз дæр, нæ дадзинты ирон туг змæлы, газет ма йын йæ цыд фæтагъддæр кæны. Тынг фенхъæлмæ кæсæм газет райсынмæ.

Бынтондæр та — Ног азы райдайæны, уым мыхуыргонд æрцæуынц арфæтæ æмæ ирон къæлиндар. Ирон адæм хъæздыг сты бæрæгбæттæй, кæддæриддæр сыл æхсызгонæй æмбæлынц, цин сыл фæкæнынц. Мах цардыстæм Гудзареты комы, цæрджытæ-иу 21 сентябры бæрæг кодтой "Бæрзонд дзуары" бон, алкæй дæр йæ хорзæх уæд.

Дзуары бын уыд тынг бæрзонд ран, сæрды-иу йæ фæхстæм ацыдыстæм, саунæмыг-иу æртыдтам, уым рагъыл уыд мæсыг амад. Нæ ныййарджытæ нын-иу бафæдзæхстой, уемæ æртæ суарийы ахæссут, сæвæрут сæ мæсыджы лагъзы. Уырдыгæй акæс, уæд дзы суанг коммæ зындис дыууæ хаххы, цыма дзы исчи къахдзоныгътыл бынмæ æрбырыдис, афтæ...

Бирæ адæм иу афон ралыгъдысты Гудзареты комæй, кæмæн кæм рауад, уым æрцардысты. Майрæмададжы скодтой сæ Дзуары хайæн кувæн бынат, æмæ йын йæ бæрæгбон 21 сентябры фæбæрæг кæнынц. Тынг бирæ адæм æрбацæуы Майрæмадагмæ. Фысым дзы вæйиы æвзæрст лæг, кусæрттаджы сгуы радтынц æндæр фысыммæ дыккаг аз æй скæныны фæдыл.

Иу рæстæг ме 'фсымæр цалдæр азы уыд фысым, Гуццаты дзуар æй схуыдтой, мах ыл нæхи нæ тигъ кæнæм. Фæлæ Гуццаты дзуар у Уацилла, таурæгъ фыст дæр ыл ис, июны йæ фæбæрæг кæнæм. Раив-баив кæнæн йæ бонæн нæй. Ирон адæм тынг зæрдиагæй скувынц Уацилламæ, йæ бынат ис бæрзонд ран. Йæ бон уырдæм ссæуын кæмæн нæу, уыдон бацæуынц Уæллаг Санибамæ æмæ сæхи уым бафæдзæхсынц.

Ирон адæмæн дзуæрттæ æххуыс кæнæнт хохæй быдырмæ. Уыдон уын мæ хъуыдытæ.

ГУЦЦАТЫ Н.,
Дзæуджыхъæуы цæрæг

Программа телепередач с 10 по 14 января

10 Среда

ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Доктор Преображенский" 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00 Х/ф "Легенда о Сурамской крепости". К 100-летию Сергея Параджанова" 12+
01.35, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Склифосовский" 12+
23.30 Т/с "Сама виновата?" 18+
00.50 Т/с "Скажи правду" 12+
03.10 Т/с "Морозова" 16+

ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" - канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
"Алания" - канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

НТВ
05.10 Т/с "Старые кадры" 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.00 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Т/с "Балабол" 16+
16.45 ДНК 16+
20.00 Т/с "Бим" 16+
23.20 Смехополис 16+
00.45 Т/с "Легенда Феррари" 16+
04.35 Т/с "Агентство скрытых камер" 16+

ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.10, 07.00, 08.00 Х/ф "Пуля" 16+
09.30, 10.30, 11.30, 12.30, 13.30, 14.05, 15.00, 16.00 Т/с "Дознаватель" 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.45, 02.40, 03.20 Т/с "След" 16+
20.40 На крючке 16+
21.25, 00.30 Х/ф "Великолепная пятерка-6" 16+
22.20, 23.10, 01.15, 02.05 Х/ф "Великолепная пятерка-3" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.55 Т/с "Прокурорская проверка" 16+

КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 12+
07.00 Легенды мирового кино 12+
07.30, 18.35 Д/с "Одиссея. По ту сторону мифа" 12+
08.25 Почерк эпохи 12+
08.50, 22.10 Х/ф "Трест, который лопнул" 12+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры 12+
10.15 Наблюдатель 12+
11.10, 00.50 XX век 12+
12.45 Новости. Подробно. Кино 12+
13.00 Д/с "Отцы и дети. Константин райкин" 12+
13.30, 13.50, 14.10, 23.50, 00.10, 00.30 Т/с "Порус" 16+
14.35 Искусственный отбор 12+
15.20 Д/ф "Дом на Гульваре" 12+
16.15 Д/ф "Между прошлым и будущим" 12+
17.15 Библейский сюжет 12+
17.45, 02.05 Исторические концерты. Мастера вокального искусства 12+
19.45 Главная роль 12+
20.05 Правила жизни 12+
20.35 Линия жизни 12+
21.30 Власть факта 12+
23.20 Д/с "Отцы и дети. Александр Коршунов" 12+

МАТЧ-ТВ
06.00 Лига в лицах 12+
06.30 Что за спорт? 12+
07.00, 10.00, 12.50, 16.20 Новости
07.05, 15.10, 18.20, 21.15, 00.00 Все на Матч! Прямой эфир
10.05, 12.30 Специальный репортаж 12+
10.25 Д/ф "Роуди" 12+
12.55 Смешанные единоборства. ACA. Виталий Слипенко против Устармагомеда Гаджидаудова. Трансляция из Москвы 16+
13.55 Т/с "Один за всех" 16+
16.25, 01.00 Вид сверху 12+
16.55 Профессиональный бокс. Евгений Тищенко против Леона Харта. Бой за титул чемпиона по версии WBA. Трансляция из ОАЭ 16+
18.45 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. "Витязь" (Московская область) - СКА (Санкт-Петербург). Прямая трансляция
21.55 Футбол. Суперкубок Испании. 1/2 финала. "Реал" (Мадрид) - "Атлетико". Прямая трансляция из Саудовской Аравии
01.30 География спорта. Махачкала 12+
02.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. "Автодор" (Саратов) - "Локомотив-Кубань" (Краснодар) 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Бильярд. "BetBoom Суперлига". Финал. Трансляция из Москвы 0+

ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.45 Т/с "Академия" 12+
10.40 Д/ф "Актерские драмы" 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50, 03.35 Х/ф "Детектив на миллион. Оборотень" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.00 Т/с "Спецы" 16+
16.55 Д/ф "Закулисные войны" 16+
18.10 Т/с "Второе зрение" 12+
22.35 10 самых... 16+
23.05 Прощание 16+
23.55, 02.00, 02.40 Хроники московского быта 12+
00.35 Д/ф "90-е. Путаны и тараканы" 16+
01.15 Д/ф "90-е. Хиты дискотек и пьянок" 16+
03.20 Петровка, 38 16+
05.05 Москва резиновая 16+

ДОМАШНИЙ
06.30, 05.50 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.45 Давай разведемся! 16+
08.30, 03.05 Тест на отцовство 16+
10.45, 23.30 Д/с "Понять. Простить" 16+
12.00, 00.45 Д/с "Порча" 16+
13.10, 01.45 Д/с "Знахарка" 16+
13.45, 02.10 Д/с "Верну любимого" 16+
14.20, 02.40 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.55 Х/ф "Уроки счастья" 16+
19.00 Х/ф "Если сердце дрогнет" 16+
05.35 6 кадров 16+

РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.55 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00, 23.30 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 03.40 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф "Пуленепробиваемый монах" 16+
22.00 Смотреть всем! 16+
00.30 Х/ф "Kingsman: Золотое кольцо" 18+

СТС
06.00, 05.45 Ералаш 0+
06.25 М/с "Ну-ка, догони!" 6+
07.00 М/с "Маша и Медведь" 0+
08.00 Уральские умельцы 16+
08.25, 17.55 Уральские пельмени 16+
09.25 М/ф "Ходячий замок" 16+
11.55 Х/ф "Мой тигр" 12+
13.55 Х/ф "Вински и порошок-невидимка" 12+
15.35 Х/ф "Астерикс и Обеликс. Поднебесная" 16+
21.00 Х/ф "Начни сначала" 16+
23.05 Х/ф "Свадебный переполох" 16+
01.10 Х/ф "Нормальный только я" 12+
02.50 Т/с "Дылды" 16+
04.45 6 кадров 16+
05.00 М/с "Буба" 6+

ТНТ
07.00, 08.00 Однажды в России. Спецдайджесты-2023 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 15.30, 17.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 16.00, 16.30, 17.00, 18.00, 18.30 Т/с "Универ. Новая общага" 16+
19.00, 20.30 Т/с "Ресторан по понятиям-3" 16+
19.30 Т/с "Ресторан по понятиям-2" 18+
20.00 Х/ф "Ресторан по понятиям" 16+
21.00 Х/ф "Лада Голд" 16+
22.00 Однажды в России 16+
23.00 Х/ф "Либерея: Охотники за сокровищами" 12+
01.10, 02.00 Импровизация. Команды 16+
03.10, 03.55, 04.45 Студия "Союз" 16+
05.30, 06.20 Импровизация 16+

11 Четверг

ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.50, 12.15, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.55 Куклы наследника Тутти 16+
21.00 Время
22.00 Т/с "Доктор Преображенский" 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00 Х/ф "Ашик-Кериб". К 100-летию Сергея Параджанова" 12+
01.35, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 16.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Наши 12+
16.30 Малахов 16+
21.20 Т/с "Склифосовский" 12+
23.30 Т/с "Сама виновата?" 18+
00.50 Т/с "Скажи правду" 12+
03.10 Т/с "Морозова" 16+

ГТРК "АЛАНИЯ"
"Алания" - канал "Россия 1"
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Утро России. Алания
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
"Алания" - канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

НТВ
05.10 Т/с "Старые кадры" 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.00 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Пес" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Т/с "Балабол" 16+
16.45 ДНК 16+
20.00 Т/с "Бим" 16+
23.20 Смехополис 16+
00.45 Т/с "Легенда Феррари" 16+

ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.45, 06.35, 07.35 Х/ф "Пуля" 16+
08.35 День ангела 0+
09.30, 10.30, 11.30, 12.25, 13.30, 14.05, 15.05, 16.05 Т/с "Дознаватель" 16+
17.30, 18.20, 19.00, 19.50, 20.40, 02.40, 03.20 Т/с "След" 16+
21.25, 00.30 Х/ф "Великолепная пятерка-6" 16+
22.20, 23.10, 01.15, 02.05 Х/ф "Великолепная пятерка-3" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.55 Т/с "Прокурорская проверка" 16+

КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 12+
07.00 Легенды мирового кино 12+
07.30, 18.30 Д/с "Одиссея. По ту сторону мифа" 12+
08.25 Почерк эпохи 12+
08.50, 22.10 Х/ф "Трест, который лопнул" 12+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30 Новости культуры 12+
10.15 Наблюдатель 12+
11.10, 00.50 Д/ф "Сегодня и ежедневно. Юрий Никулин и Михаил Шуйдин" 12+
12.45 Новости. Подробно. Театр 12+
13.00 Д/с "Отцы и дети. Александр Коршунов" 12+
13.30, 13.50, 14.10, 23.50, 00.10, 00.30 Т/с "Порус" 16+
14.35 Абсолютный слух 12+
15.20 Д/ф "Твербуль, или Пушкинская верста" 12+
16.10 2 Верник 2 16+
17.15 Пряничный домик 12+
17.45, 01.55 Исторические концерты. Мастера вокального искусства 12+
19.45 Главная роль 12+
20.05 Правила жизни 12+
20.30 Спокойной ночи, малыши! 0+
20.45 Д/ф "Гардемарины, вперед!" "Невидимые слезы" 12+
21.30 Энигма 12+
23.20 Д/с "Отцы и дети. Ляля и Екатерина Жемчужные" 12+
02.35 Цвет времени 12+

МАТЧ-ТВ
06.00 Лига в лицах 12+
06.30 Вид сверху 12+
07.00, 09.30, 16.20 Новости
07.05, 15.10, 18.20, 21.15, 00.00 Все на Матч! Прямой эфир
09.35 Лыжные гонки. Альфа-Банк Кубок России. Женщины.10 км. Прямая трансляция из Татарстана
11.25 Биатлон. Альфа-Банк Чемпионат России. Суперспринт. Женщины. Прямая трансляция из Чайковского
12.15 Биатлон. Альфа-Банк Чемпионат России. Суперспринт. Мужчины. Прямая трансляция из Чайковского
13.25 Лыжные гонки. Альфа-Банк Кубок России. Мужчины.15 км. Прямая трансляция из Татарстана
16.25, 01.00 Большой хоккей 12+
16.55 Смешанные единоборства. UFC. Марлон Вера против Кори Сэндхагена. Трансляция из США 16+
18.45 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. ЦСКА - "Динамо" (Москва). Прямая трансляция
21.55 Футбол. Суперкубок Испании. 1/2 финала. "Барселона" - "Осасуна". Прямая трансляция из Саудовской Аравии
01.30 Что за спорт? 12+
02.00 Дартс. OLIMPBET Чемпионат профессиональной лиги. Трансляция из Москвы 0+
03.55 Новости 0+
04.00 Легкая атлетика. "Рождественские старты". Трансляция из Екатеринбурга 0+

ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10 Доктор И... 16+
08.45 Т/с "Академия" 12+
10.40, 23.55 Д/ф "Актерские драмы" 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События 16+
11.50, 03.40 Х/ф "Детектив на миллион. Расплата" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.00 Т/с "Спецы" 16+
16.55 Д/ф "Закулисные войны" 12+
18.10 Т/с "Второе зрение" 12+
22.35 10 самых... 16+
23.05 Д/ф "Легенды эстрады. Юмор на двоих" 16+
00.35 Д/ф "90-е. Жены миллионеров" 16+
01.15 Д/ф "Матлюба Алимова. Чужая среди своих" 16+
01.55 Прощание 16+
02.40 Хроники московского быта 12+
03.25 Петровка, 38 16+
05.05 Москва резиновая 16+

ДОМАШНИЙ
06.30, 06.15 По делам несовершеннолетних 16+
07.10, 04.45 Давай разведемся! 16+
08.10, 03.05 Тест на отцовство 16+
10.25, 23.30 Д/с "Понять. Простить" 16+
11.40, 00.45 Д/с "Порча" 16+
12.45, 01.45 Д/с "Знахарка" 16+
13.20, 02.10 Д/с "Верну любимого" 16+
13.55, 02.40 Д/с "Голоса ушедших душ" 16+
14.30 Х/ф "Еще одна попытка полюбить" 16+
19.00 Х/ф "Серая мышь" 16+
05.35 6 кадров 16+

РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 02.40 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00, 23.30 Загадки человечества 16+
